

Nimewo 161

DEKRÈ EGZEKITIF

ASIRE ANPLWAYÈ ETA YO RESPEKTE SALÈ EKITAB LA

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York la se yon lidè nasyonal nan pwoteksyon dwa sivil ak libète tout sitwayen li yo;

LÈ NOU KONSIDERE, se politik Eta sa a pou li pwomouvwa ekite, konbat diskriminasyon, epi asire tretman egal pou tout moun;

LÈ NOU KONSIDERE, chak Nouyòkè ta dwe gen opòtinite pou yo peye yo nan yon fason ekitab ak egal ki baze sou nati ak responsabilite travay yo ap fè a;

LÈ NOU KONSIDERE, lwa Eta a ak federal yo entèdi diskriminasyon salè ki baze sou sèks yon travayè epi lwa egziye salè egal pou yon travay ki gen yon valè egal;

LÈ NOU KONSIDERE, an 2015, Eta New York la te pwomilge yon seri lwa global pou sipòte, pwoteje, ak ranfòse dwa fanm yo nan lye travay yo, ki gen ladan entèdi anplwayè yo peye fanm mwens pase gason lè yo fè menm travay la, epi pèmèt anplwaye yo diskite salè yo youn ak lòt san menas revokasyon oswa ranvwa;

LÈ NOU KONSIDERE, travayè fanm ak minorite rasyal ak etnik yo istorikman te konn touche mwens salè pa èdtan oswa salè anyèl ki lakoz gen yon eka nan salè ki pwopaje nan tout endistri yo;

LÈ NOU KONSIDERE, malgre avansman resan yo, done federal yo montre fanm nan eta sa yo kontinye touche an mwayèn 87 santim sou chak dola, swa 13 santim an mwens, lè yo konpare yo ak konbyen gason yo touche pou menm travay yo fè avè yo;

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York la pap kontinye prezève inegalite sa yo ki te ka refilete avan nan nivo salè anplwaye yo fenk anboche yo epi li pral fè vanse salè ekitab lè l asire Eta elimine tout tras diskriminasyon istorik nan sistèm fiksasyon salè li a; epi

LÈ NOU KONSIDERE, yo dwe peye manm mendèv Eta yo nan yon fason ekitab, apwopriye, ki baze sou travay yo fè yo, olye de baze sou sèks yo, ras yo oswa etnisite yo, anplwayè yo te gen avan, oswa salè yo te konn touche avan yo.

ANKONSEKANS, Mwen, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd kòm swit:

A. Definisyon

1. “Antite Eta yo” vle di (i) tout ajans ak depatman Gouvènè a gen otorite egzekitif sou yo, epi (ii) tout sosyete ki bay asistans piblik, otorite piblik ak komisyon kote Gouvènè a deziyen Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Komisyon yo, sof pou Port Authority of New York and New Jersey (Otorite Pò New York ak New Jersey).

2. “Konpansasyon” vle di salè, salè pa èdtan, avantaj, ak nenpòt lòt fòm peyman ankò.
- B. Pou nou ka pwomouvwa konsiderasyon aplikan ki baze sèlman sou aptitud inik yo ak kalifikasyon yo, yo pa pèmèt okenn antite Eta a mande, oswa egzije, nan nenpòt ki manyè, pou yon aplikan k ap aplike pou yon aplwa founi konpansasyon aktyèl li, oswa istwa konpansasyon li te konn touche avan yo, pazavan yo fin ofri aplikan yon òf anlwa kondisyonèl avèk konpansasyon.
 - C. Yon fwa yo fin ofri l yon òf anlwa kondisyonèl, yon antite Eta kapab mande epi verifye enfòmasyon sou konpansasyon yo.
 - D. Si yon antite Eta a te deja genyen konpansasyon aplikan te konn resevwa avan yo apati dat efektif Dekrè Egzekitif sa a, yo pa dwe depann de enfòmasyon sa a pou yo detèminie salè aplikan sa a, amwens ke sa preskri selon lalwa oswa dapre kontra negosyasyon kolektif.
 - E. Biwo Gouvènè a pou Relasyon Anplwaye (Governor’s Office of Employee Relations) yo pral siveye ak jere Dekrè Egzekitif sa a epi y ap bay fòmasyon pou pèsonèl resous imèn antite eta ki konsène yo sou egzijans Dekrè Egzekitif sa yo.
 - F. Pa gen anyen ki nan dokiman sa a ki anpeche yon aplikan pataje enfòmasyon sou konpansasyon l volontèman, men pa gen okenn aplikan ki gen obligasyon pou yo founi enfòmasyon sa a pazavan egzijans Dekrè Egzekitif sa yo satisfè.
 - G. Yo pa dwe konsidere refi yon aplikan pou l founi enfòmasyon sou konpansasyon l lè y ap fè detèminasyon anlwa a. Aplikan yo te mande enfòmasyon sou konpansasyon yo nan yon fason enkorèk an vyolasyon Dekrè Egzekitif sa a ka fè rapò vyolasyon an yo nan Biwo Gouvènè a pou Relasyon Anplwaye yo.
 - H. Pa gen anyen nan dokiman sa a ki dwe pote atent a okenn dwa anba okenn kontra negosyasyon kolektif.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan nevyèm jou mwa janvye

nan ane de mil disèt la.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a